

Kisa Cambridge CAN ye?


C-CAN oswa Rezo Aksè Kowòdone Cambridge (*Cambridge Coordinated Access Network*) se yon partenarya pou ede moun ki sanzabri nan Cambridge jwenn aksè nan resous ki disponib, ki sible sou yon objektif lojman, ansanm ak pou ogmante kowòdinasyon ant divès sèvis pou sanzabri Cambridge yo. Nouvo kliyan yo pral kontre ak yon estaf pou ranpli yon fòm enskripsyon ak evalyasyon, ki pral ede detèmine si kliyan an kalifye ak ki tip/nivo bezwen li konsènan divès sèvis.

Pouki sa mwen ta dwe ranpli yon fòm enskripsyon Cambridge CAN?

Lè yo fè yon evalyasyon C-CAN, yo pral ajoute w nan lis referans nenpòt pwogram lojman patisipan ki koresponn ak kalite bezwen ak kalifikasyon ou an. Kliyan yo gen dwa konekte tou ak Oryantasyon nan Lojman (Housing Navigation) (jesyon dosye ki sible sou lojman) oswa lòt sèvis dirèk, selon kalifikasyon yo, tip bezwen yo ak kapasite sistèm la. Tout kliyan yo k ap ranpli fòm enskripsyon an gendwa resevwa enfòmasyon pèsonalize ki oryante yo vè sèvis ak resous ki disponib nan kominote a ki ta dwe enterese yo selon enterè/bezwen yo.

Kilè, kikote ak kijan mwen kapab ranpli yon fòm enskripsyon?

Tanpri gade anba pou jwenn plis detay.



☎ telefòn: 617-349-7715

✉ imèl: cambridgeCAN@cambridgema.gov

🌐 web: www.cambridgecoc.org/cambridgeCAN



Orè C-CAN pou resevwa moun san randevou chak semèn:

Lendi	Madi	Mèkredi	Jedi	Vandredi
	9è a.m. rive 12è p.m. Cambridge Multi-Service Center (362 Green Street)		9è a.m. rive 12è p.m. Cambridge Multi-Service Center (362 Green Street)	9è a.m. rive 12è p.m. Cambridge Multi-Service Center (362 Green Street)
		1è:30 rive 4è p.m. Cambridge Multi-Service Center (362 Green Street)	1è:30 rive 4è p.m. Cambridge Multi-Service Center (362 Green Street)	1è jiska 4è p.m. (septanm jiska jen) Kafe Chak Vandredi nan First Church (11 Garden Street)
4è a 7è p.m. Cambridge Multi-Service Center (362 Green Street)			5è jiska 7è:45 p.m. Repa Chak Jedi nan Christ Church (Zero Garden Street)	

Anplis de orè pou resevwa moun ki pa gen randevou sa yo, estaf C-CAN disponib souan pandan lòt lè toujou pandan lasemèn pou pwograme yon enskripsyon nan Multi-Service Center, oswa pou yon anplwaye kontak popilasyon an fè yon evalyasyon kote ou ye a (andedan Cambridge), si ou pa kapab vini nan MSC.